

# BAT CHALÈ A

## FATIG CHALÈ PARAPÒ AK ESTWOK CHALÈ

CHALÈ EKSTRÈM: TANPERATI KI CHO ANPIL KI KA NUIZIB POU SANTE OU, SA KI LAKÒZ ESTWOK CHALÈ, FATIG CHALÈ, LAKRANP CHALÈ OSWA GRATÈL CHALÈ

### FATIG CHALÈ

### ESTWOK CHALÈ

#### SENTÒM YO

 Po frèt, pal, ak imid	 Maltèt
 Batman kè rapid, fèb	 Kèplen oswa vomisman
 Lakranp nan misk	 Vètij
 Swe anpil	 Endispozisyon
 Fatig oswa feblès	

 Tanperati kò a rive nan 103°F	 Maltèt
 Batman kè rapid, fò	 Kèplen
 Po cho, wouj, sèk oswa imid	 Vètij
 Konfizyon	 Endispozisyon

#### KISA POU FÈ







- Deplase moun lan pou mete l nan yon kote ki fre
- Detache rad yo
- Ba l yon beny fre
- Mete twal mouye fre sou po moun lan
- Fè l bwè gòje dlo

Chèche swen medikal si:

- Moun lan ap vomi
- Sentòm yo vin pi mal
- Sentòm yo dire plis pase inèdtan

- Rele 911, pou chèche swen medikal touswit
- Deplase moun lan pou mete l nan yon kote pi fre
- Sèvi ak twal fre oswa yon beny fre pou bese tanperati kò moun lan
- Piga bay moun lan anyen pou l bwè

#### PREVANSYON

 Piga bwè alkòl oswa bwason sikre	 Limite pase tan deyò	 Piga mete rad ki epè oswa ki gen koulè fonce
 Sèvi ak pwoteksyon kont solèy	 Bwè anpil dlo	 Pran san w, pa prese tèt ou



Aprann Plis!

[www.floridatracking.com](http://www.floridatracking.com)

Pwojè sa a te gen sipò Disponibilite Sibvansyon Finansman Nimewo EH17-1702 ki sòti nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC). Sa ki ladan se responsablite otè yo sèlman, epi li pa reprezante nesèsèman pwendvi ofisyèl CDC.

Sous: <https://www.cdc.gov/disasters/extremeheat/warning.html>

Kreye nan dat 2/19/2021